ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ТІСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№64 (23.472) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и Президентым деж Граждан жылагъуэм зегъэужьыныгъэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ советым и тхьэмадэм Москва щыхуэзащ КъБР-м и Іэтащхьэр

Урысей Федерацэм и Президентым деж Граждан жылагъуэм зегъэужьыныгъэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ советым и тхьэмадэ Федотов Михаил Москва щыхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ граждан жылагъуэмэ власти и органхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным. КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуКІащ советым Къэбэрдей-Балъкъэрым щригъэкІуэкІа зэІущІэм хэта экспертхэмрэ ІэщІагъэлІхэмрэ лэжьыгъэшхуэ зэрыгъэкІуэкІар, ахэр тезыр щрагъэпшын Іуэхущ1анІэу республикэм щыІэхэмрэ адрей социальнэ Іуэхущ1анІэхэмрэ зэрыщІыІар.

Федотов Михаил жиІащ граждан жылагъуэм и лЫкІуэ нэхъ жыджэрхэмрэ цІыхухэм я хуитныгъэхэм я хъумакІуэхэмрэ я зэфІэкІхэр зыхуэфащэ программэхэр гъэзэщІэным хэушъхьафыкІ зэІущІэгъэІуэлъхьэу къызэрилъытэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

КІуэкІуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым ис журтхэм ехъуэхъуащ я дин гуфІэгъуэ нэхъыщхьэмкІэ - Іутыжьымкіэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр щыпсэу республикэщ. Ди щІыналъэм зэпІэзэрыныгъэ щыІэныгъэ абы зиужьыныкІэ шэсыпІэу сыт щыгъуи щытащ, иджыри къоно дэтхэнэ зы лъэпкъми и хабзэхэмрэ абы зэрихьэ динымрэ пщІэ яхуэщІыныр.

НАПШЫК щыпсэу бгырыс журтхэм я дин зэгухьэныгъэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ граждан, дин зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысейм яхуэфащэ цІыхухэр гъэсэным. Махуэшхуэмкіэ сынывохьэхъу! Фи унэхэм, республикэм щыІэ дэтхэнэ зы унагъуэми мамырыгъэрэефІэкІуэныгъэрэ илъыну, фи Іыхьлыхэмрэ фи благъэхэмрэ узынщэу, насыпыфІэу щытыну си гуапэщ», - итщ Кавказ Ищхъэрэм и раввин нэхъыщхьэ Шабаев Леви республикэм и Іэтащхьэм хуиГъэхьа хъуэхъуэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м
Налшык къалэ *№214-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дунейр зэрыщыІэзэтеувэжам икІи хуабэ зэрыхъуам къыхэкІыу:

1. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм, зи мылькуу щытым емылъытауэ - организацэхэм чэнджэщ етын щІыІэ хабзэхэм тету 2016 - 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм унэхэр гъэпсын ІыпкІэ 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м зэпагъэуну.

2. Къару имыІэжму къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м къыдигъэкІа унафэ №538-рп-м.

3. Ми унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

● КъБР-м и Парламентым

Егъэджэныгъэм теухуа законым зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщІащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законыр. Абы топсэлъыхь Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Азыч Светланэ:

- МЫ законыр ягъэхъэзыращ «Сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэм социальнэ дэІепыкъуныгъэ етынымкІэ шэсыпІэщІэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым зэрыхэпльэжам къыхэкІыу.

ЗэхъуэкІныгъэхэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэр, апхуэдэу щеджэ зэманым адэ-анэр е абыхэм языхэзыр зыІфІэкІуэдахэр еджэныкІэ шэсыпІэхэр къыззрыхуэзрагъэпэщ щІыкІэрщ.

ШэсыпІэхэр федеральнэ законым ипкъ иткІэягъуэв щхьэкІэ, ахэр гъэззащІэныр зи компетенцэм хьыхэр Урысей Федерацэм и субъектэм я къэрал властым и органхэрщ, абы къыхэкІыу Законым нэхъ гурыІуэгъуэу щаубзыхуащ КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэхуэ апхуэдэ языныкъуэ полномочиехэр.

Законым халъхьа зэхъуэкІныгъэхэм япкъ иткІэ КъБР-м и Правительствэм егъэбелджылы сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэр, щеджэ зэманым я адэ-анэр зыІфІэкІуэдахэр еджэныкІэ хуитныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэр. Апхуэдэу яубзыхуащ ахэр зэреджэну, зэрытхэну Іэмэпсымэхэр къызэращэхуну ахъшэр зэрыхухах щІыкІэр, абыхэм гъэгугъщІэр зэрыхуатыр, КъБР-м и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ къинэмыщІ зыхуеину щыгъынхэмрэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэрызэрагъэпэщыр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Нобэ

♦Фашист гъэрыпІэм исахэр хуит къызэращІыжам и дунейпсо махуэщ. 1945 гъэм гъатхэпэм и 11-м къызэрыІэтащэ щытащ Бухенвальд нэмыцэ лагерым исхэр.

♦Паркинсон узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ. А узыфэр къэзыхута дохутыр Паркинсон Джеймс къыщалъхуа махуэм (1755 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м) техуэу яГъэващ 1997 гъэм.

♦Кърым Республикэм и Конституцэм и махуэщ. 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Кърым Республикэм и Къэрал Советым къыщытащ.

♦1147 гъэм япэ дыдэу къаГъэсэбэпауэ щытащ «Москва» псалъэр.

♦1803 гъэм Франджым нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Талейран Шарль жэрдэм къыхилъхьащ я Луизианэ щІыналъэр зэрыщыту США-м иращэным теухуауэ.

♦1857 гъэм император Александр ЕтІуанэм Урысейм и Къэрал гербыр - щхьитІ зыфІэт бгъэр зыхэщІыхьар - къэщтэным теухуа унафэ ищІащ.

♦1909 гъэм къалэщІэм, зы илъэс дэкІмэ, Тель-Авив зыфІащынум, и лъабжьэр яГъэтІылъащ.

♦1919 гъэм Лъэпкъэхэмкіэ къыщалъхуа **Березовой Анатолий** къызэралъхуря илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, спортым и мастер, Урысейм щІыхь зиІэ тренер **Ярцев Георгий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Гаркалин Валерий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Налшык къалэм къыщалъхуа уэрэджыкІауэ цІэрыІуэ, КъБР-мрэ Ингушымрэ я цІыхубэ артист, КъШР-м щІыхь зиІэ и артист **Амирамов Ефрем** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэрэджыкІауэ **Аслъэн Іэсият** къыщалъхуа махуэщ

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх щешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щыуагъэр бгъэзэкІуэжыну емыкІукъым.

● ПэкІу

Сэхъурокъуэ Хьэутий къопсалъэ.

Налшык къалэм дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм и гупэм деж мэлыжьыхьым и 8-м пэкІу щекІуэкІащ. Санкт-Петербург къыщыхъуа гуэзвэгъуэм хэкІуэдахэм яхуэщыгъуэу. Абы къекІуэлІахэм яІыгьт «Терроризм щремыІэ?» псалъэхэр зытет тхылъымпІэшхуэхэр. «Питер, дэ дыпщІыгъущ!» зыфІаща фэеллъ пэкІур къызэрагъэпэщат Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и жэрдэмкІэ.

ПЭКІУМ и пэщІэдзэм жаІащ Санкт-Петербург къыщыхъуам цІыху 14 зэрыхэкІуэдар, 50-м щигъу уІэгъэ зэрыхъуар. Санкт-Петербург къалэм дэсхэм къищынэмыщІа, абыхэм яхэтащ щІыналъэ 17-м, къэралищым я цІыхухэр.

Зэхьихьэм цІыху куэд къыщыпсэлъащ. Абыхэм ящыщт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы жиІащ: «Мыпхуэдэ пэкІухэр щІрагъэкІуэкІыр мыхъумыщІагъэм дыпэщІэтын, дунейр мамырыным дыхуущІэкъун папщІэщ. Санкт-Петербург къыщыхъуа гуэзвэгъуэм иримынэщхьеят щІыэкъым. Шэч хэмылъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми ди гум щІыхьащ терроризм щІэпхъаджагъэм лажьэ зимиІэ цІыхухэр зэрыхэкІуэдар. Нобэ дызэкъуэувэу къэдгъэлъэгъуэн хуейщ, зыми емылъытауэ, сыт щыгъуи дахагъэм, гуапагъэм, мамырыгъэм дызэрыщІэбгъэнынур. Пэжщ, сыт хуэдэ зэманми щыІащ зауэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпстуи лъыр щагъажэ къэрал зыбжанэм. Лей зезыхьэхэм ящІэркъым къызыхэкІа унагъуэм, лъэпкъым, къыщыхъуа я Хэкум я напэр зэрытрахыр. Зэуэ ахэр къытхуэмыгъэувІэми, ялъагъунщ цІыхубэр мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм дызэрителъхьэр».

«Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІым и япэ къуэдзэ **Караев Расул** жиІащ терроризм щІэпхъаджагъэ зылэжьыр нэхъыбэрэ щІалэгъуалэм зэращыщыр къалъытэу, щІэблэр хэкупсэу гъэсэным гулъытэ хэха хуащІын зэрыхуейр.

КъБР-м ис цІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къаныкъуэ Заринэ** жиІащ: «КъБР-м ис цІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм къабгъэдэкІыу сахуэгъуэзвэну сыхуейт Санкт-Петербург къыщыхъуа гуэзвэгъуэм хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэм. Къапщтэмэ, цІыху яуКІыныр уи акъылым къыпхуиубыдыркъым. Апхуэдэ хъыбар къыщытІэрыхьэкІэ, дауи, ди гур хегъэщІ. Нэхъыщхьэращи, ар уи гъунэгъуу, уи къаралым къыщыхъуауэ щызэхэпхкІэ, щхьэхуимыту уегупсысын щІыбодзэ абы уэрыпэщІэтыфыну Іэмалым. Куэдым жаІэнкІэ хьунщ мы Іуэхум Іэщ1экІэ фІэкІа упэмылъэщыну. Арщхьэкіэ жысІэну сыхуейт, Іэщэм я нэхъ лъэщыр гъэсэныгъэр зэрыарар. Ди лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ гулъытэшхуэ хуащІу щытащ унагъуэм илъын хуей хабзэм, шыІэныгъэ, гущІэгъу зыхэлъ, цІыху Іэдэб гъэсэным. А хабзэхэм щІэблэр щІэтпІыкІтэмэ, мыхъумыщІагъэ ягу къэкІынтэкъым. ФщІэж къыщІэкІынщ иджыблагъэ Москва къалэм къыщыхъуа зы Іуэху: лъэмыжым ехуэха машинэм ис цІыхубзыр къригъэлащ ди республикэм щыщ щІалэм. Апхуэдэ щапхъэхэр гунэжу зэрыщыІэр си фІэщ мэхъу. Ар щІыжысІэращи, апхуэдэ щІалэгъуалэ дызэриІэри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Дахагъэрэ гуапагъэкІэщ Іейм дызэрыпэщІэтыфынур».

- Мэлыжьыхьым и 3-м и ужь махуэхэм псори зыт дызэгупсысыр: «Апхуэдэ щхьэ къэхъухэн хуей?». Республикэм щыпсэу куэдым етІуанэ махуэм зыкъыткъуагъэзащ, Санкт-Петербург къалэм дэсхэм я гуэзвэгъуэр дэри зэрызыхэтщІэр едгъэлъагъуну, хэкІуэдахэм удз гъэгъахэр яхуэдгъэтІылъыну сыт хуэдэ щыпІэ декІуалІэ хъуну, жаІэу. Абы къикІращи, ди цІыхухэр хьэзырщ нэгъуэщІым я нэщхьеягъуэр дагуэшыну, - жиІащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, «Поликрафсервис и Д» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ **Котляровэ Марие**.

Налшык къалэ дэт курыт школ №2-м и егъэджакІуэ **Къэшэж Асльэн** жиІащ: «ЩыхубзэмрэпщІэр езыгъэхуэх сыт хуэдэ Іуэхугъуэми ди къару псор етхьэлІэу къэдгъэувыІэн хуейуэ къызолъытэ. ЗэрыжаІащи, гущІэгъуэр къыщыздэщхьІыфынур ди къарур зэщІэдгъэуІуэмэщ. ЩІэблэращ ди къэкІуэнур, абы къыхэкІыу егъэджакІуэхэми ди пщэм жэуапльныгъэшхуэ къыдохуэ. ЕгъэджэныгъэкІи гъэсэныгъэкІи япэ дитын хуейщ, спортымрэ щэнхабзэмрэ ныбжьыщІэхэр хузэщІэгъэуІуэн хуейщ».

ПэкІум къыщыпсэлъащ Урыс щэнхабзэмрэ тхыдэмкІэ «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Канунников Анатолий, КъБР-м и мусЫкымэнэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**, КъБР-м дэт православнэ члисхэм я благочиннэ **Бобылёв Валентин**, «Эльбрусоид» фондым и унафэщІ **Анаев Марат**, КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Къэгуэтыж Ахьмэд**, нэгъуэщІхэри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

● Къэрал Іуэху

Бзэр зэращІэр къапщытэж

Егоровэ Татьянэ

«Тотальный диктант» дунейпсо егъэджэныгъэ Іуэхур мэлыжьыхьым и 8-м сыхьэт 14.00-м ди къэралым и щІыналъэ куэдым щекІуэкІащ.

ИЛЪЭС къэс ирагъэкІуэкІ мы Іуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрри жыджэру хэтщ 2015 гъэм къыщыщІэдзауэ. Ар къызэрагъэпэщ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Профессиональнэ зыужьыныгъэмкіэ и щІыналъэ центрымрэ. Мы гъэм республикэм диктантыр щатхащ цІыху миным щІигъуи.

УрысыбзэмкІэ я щІэныгъэр здынэсыр цІыхухэм къегъэпщтэжыныр и лъабжьэщ абы. Диктантыр зэратхынур илъэс къэс яГъэхьэзыр урыс тхакІуэ цІэрыІуэхэм. Мы гъэм ар зэхилъхьэну хуагъэфэщащ урыс тхакІуэ, тхыдэдж, детектив, тхыдэ романхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа Юзефович Леонид.

Диктантыр мы гъэм щрагъэтхащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къеКІуэлІахэм я зы гупым яригъэтхащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**.

- «Тотальный диктант» Іуэхур къыззрыхалъхьар икъукІэ си гуапэщ, цІыхухэм я щІэныгъэр къапщытэжыну Іэмал яретри, - жиІащ Егоровэм. - Мы Іуэхум дунейпсо мыхьэнэ игъуэтащ, къалэ куэдым ар щрагъэкІуэкІ. Сызэрыщыгъуаз эмкІэ, 2016 гъэм абы хэтащ цІыху мини 145-м щигъу. Сэ сыщогугъ диктантым сыкъызыхуеджэнухэм зэфІэкІ къагъэлъэгъуэну. Уи щІэныгъэр къэппщытэжынумэ, мы Іуэхур икъукІэ зэрысэбэпыр икІи зэрыгъэщІэгъуэнур нэрылъагъущ.

Диктантыр зытхахэм яхэтащ нэхъыжьи нэхъыщІи, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщи, хамэ я къэрал къикІаи, еджакІуи, ІэнатІэ Іути. Апхуэдэуи диктантыр онлайну Интернетымкіэ ятхыну Іэмал яІащ. Диктантымкіэ хуагъэувар наІуэ къыщыхъунур мэлыжьыхьым и 12-рщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъэ.

Денизэ текІуэныгъэм хуокІуэ

● Хъыбарыф1

Ди газетым зэрытетащ, Урысей телевиденэм и «Ял1э каналымкІэ» екІуэкІ «Голос. Дети» проект иным ди республикэм щыщ пщащэ ныбжьыщІэ Хекилаевэ Денизэ ехъулІэныгъэ иІэу хэтщ.

КЪУХЭГЪЭЩЫП - ХЪЭЩ хъыджэбз цІыкІум и уэрэд жыІэкІэр къэпщытакІуэхэм зэрызэхахыу абы зэритхъэкъуар. Денизэ и макъ дахэмрэ зэчий инымрэ я фІыгъэкІэ зэпеуэм и Іыхьэ зыбжанэм пхыкІыфащ.

Абы и утыку ихьэгъуэ къэс и благъэ-Іыхьлыхэм хуэдэу, гузавэу кІэлъоплъ республикэм щыпсэу куэд. «Голос. Дети» зэпеуэм и зи чэзу Іыхьэу мэлыжьыхьым и 7-м екІуэкІам финалым кІуэну зыхуагъэфэщахэм ар яхэтщ.

ЗэфІэкІкІэ Тхьэр зыхуэупсащщэ ныбжьыщІэм и насып нэхъыбэ хъуну, зыхэтым фІыкІэ къахэщу, зэпеуэм пашэныгъэ щыуфыдыну дыхуохъуахъуэ!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Гуапагъэр къызэбкI ныбжьэгъу

● Щапхъэ

И нэгу щIэкI къэхъукъащIэхэр, зрихьэлIэ, эыхуэзэ цIыху гъуэзэджэхэр, мы дунейм щызэблэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр дэтхэнэ зыми и гум къонэ. Апхуэдэ щыкIэкIэ ди гъащIэм къыхъыхьуэ ди ныбжьэгъу, мэлыжьыхьым и 1-м илъэс 60 ирикъуа Шаваев Къанщауэ Жэбрэил и къуэр.

ДЫЗЭРЫЗЭРЫЦIЫХУ лъандэрэ тхузэфIэкIхэм зэщIыгъуу дыщогуфIыкI, ди екъулIэныгъэхэм дрогушхуэ, гугъуехьхэр къызэдгъэкIыну дыхущIокъу. Къанщауэ кърихьэлIа илъэсхэр и дуней тетыкIэм я гъуджащ, лъыдгъэ фIыщIэри щытхъури и гуащIэ хьэлэлкIэ кьилэжьыжащ.

Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр хэгъэ университетыр кьиуха нэужь, Шаваевым 1979 гъэм Липецк областым щыщ Становлянскэ районым щыщэхэт «Заря» совхозым зоотехник нэхъыщхьэу лэжьэн щыщIидзащ. 1982 гъэм и кIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжри, Шэджэм щIынальэм и мэкъумэш Iэнатlэхэм къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щиIыгащ, Щхьэлыкъуэ къуажэ администрацэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэу щытащ. Зэфlэкl бгъэдэлът, зэхэщIыкI лъагэ иIэти, апэ игъэщIпхьэхэр псынщIэу кьипхьуатэрт. Iуэху зекьэкIэм зэрыхуэзижьым, къызэгъэпэщакIуэфIу зэрыщытым абы и пщIэм хигъахьуэрт. КЪР-м и Парламентым Республикэмкlэ и Советым и депутату, социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ, спортымрэ туризмэмкlэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэу щыхахым, Бэм я лIыкIуэу щыщыта илъэсхэм цIыху губзыгъэу, щIэныгъэ куу зиIэ IэщIагъэлIу, социальнэ Iуэхуэхэм пыщIа хьэзэхэм фIыуэ хищIыкIыу зыкьигъэпльэгъуащ.

Республикэм и социально-экономикэ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми хуэгъэпса законопроектхэр гъэхьэзырыным жыджэру хэтащ. Къащта законхэм абы и жэрдэм куэд кьищIалъытащ. КЪР-м и советым Iэнатlэкэм щигъуэта Iуэху зекьэкIэр хабзэзубзыху лэжьыгъэм сэбэпшхуэ къыщыхуэхьужьырт. Политик нэIурытти, Парламентым и IуэхущIафэм, социальнэ кьалэнхэм япыщIа хабзэхэм хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм зэпымыууэ щытепсэльыхьырт, къащтэ законыщIэхэм я мыхьэнэр зэпэкрихьырт, цIыхухэм я упщIэхэм хуэфащэ жэуап кьахуигъэтырт. Зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм, ныкъуэдыкIуэхэм, унагъуэшхэм, хуэмышIэхэмрэ зи закъуэ псэу жьыкIэфэкIэхэмрэ гулъытэ хэха яхуищIырт.

1994 - 2009 гъэхэм граждан кьулыкъум пэрытащ - КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и секретариатым и тхьэмадэу щытащ. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэгъусым и Къэрал Думэм, Ипщэ федеральнэ щынальэм щыщ депутатхэм я лэжьэкIэм кIэлъыплъырт, я Iуэху зекьэкIэм зыхигъэгъуаззрт, апхуэдэу и щIэныгъэмкIэ, и зэфIэкIэмкIэ Iэщ1агъэлI щIалэхэм ядэгуашэрт. Шаваев Къанщауэ къызэгъэпэщакIуэ Iэззт, и кьалэнхэм егупгъурт, ахэр нэгъэсауэ игъэзащIэрт.

2011 гъэм къыщыщIэдзауэ 2012 гъэм и гъатхэпэ пщIондэ республикэм и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщгъуэ щытащ. Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зекьэкIэм фIыуэ хищIыкIырти, хабзэхэр зыубзыху депутатхэм ядэIэпыкъырт, Iуэху зэIуимбзхэр куууэ зэпкърихьырт, нэхъ кьалэн гугъуэхэр зэфIэхьыныкIэ парламентархэм защIигъакIуэрт. Сыт хуэдэ пщэрылъ имыIами, ахэр гъэззэщIэным, республикэм и сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкIыным и кьарури, и щIэныгъэри, и зэфIэкIри ирихьэлIэрт. Абы хуэфащэ дамыгъэхэри къыпэкIуащ.

Къанщауэ удэлэжьэну тыншт, псоми фIыуэ яхущытт. И зэфIэкIым, и цIыхугъэ лъагэм папщIэ, и лэжьэгъуэхэм, щхьэлыкъуэдсэхэм, Шэджэм муниципальнэ щынальэмрэ республикэмрэ щыпсэуэхэм я деж пщIэшхуэ щиIэт. Ар зэи зыми техъуцIыхьыртэкъым.

- Утепсэльыхьыну, ухуэмыарэзыуэ утыку кьиплъхьыну нэхъ тыншщ, зы Iуэху щхьэпэ гуэр зэфIэбгъэкIын нэхърэ. Ди Хэкумрэ ди цIыхухэмрэ зэрынэхъапэр зыщыдгъэгъупщэ хуунукъым, - жиIэрт абы.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, илъэс зыбжанэ ипэкIэ кьыльыкъуэкIа насыпнышагъэм и зэранкIэ, Къанщауэ лэжьыгъэр кьимыгъанэу хуэакъым. Ауэ фIыуэ кэзыльагъу цIыхухэр нобэ кьыщхьэщытщ. Ар икIи гурыIуэгъэщ. Сыту жыпIэмэ, узым пэщIэтым дежкIэ ар дзэыIыгъхэм я гулъытэм нэхъ льаплIэ щыIэкъым. И Iыхьлыхэм хуэдэу сымаджэм егупгъуи хуэсакъи гъуэтыгъуейщ. А кьалэнри и пщэ дильхьэжауэ, и щхьэгъусэ Жаннэ абы лъандэрэ Къанщауэ зэрехь, гугъуехьхэм щхьэкIэ кьэмынэу, гъащIэм щогуфIыкI, узым зэрытекIуэнур и фIэщ мэхъу. Я бын балигъэу Залинэ, Маринэ, Расул сымэ анэм доIэпыкъу.

КЪР-м и Парламентым Республикэмкlэ и Советым и япэ унафэщIу щыта Нэхущ Заурбий абы пщIэшхуэ хуещI:

«Къанщауэ нэмысшхуэ зыхэлъ цIыху зэпIэзэрытщ, гуапэщ, псэ хьэлэл зиIэ лэжьакIуэшхуэщ. Интернационалист нэсщ. Республикэм и кьэралыбзэ псоми хуэшэрыуэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэр гъэбыдэныжьа дапщэщи щапхъэщ. ЦIыхугъэр апэ изыгъэщ, гурэ псэкIэ бэм ябгъэдэт, лъытэныгъэшхуэ зиIэ, лъэныкъуэ псори зэпэзылъыт Iэщ1агъэлIу. ЩыIэныгъэр и лъабжьэу сыт хуэдэ Iуэхури зэрыязгъэпишэчыр и хьэл нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ».

Еджагъэшхуэ, КЪР-м и жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ Федченко Людмилэ игу кьегъэкIыж:

«Шаваев Къанщауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым Республикэмкlэ и Советым и етIуанэ хэхьгъуэм и депутат, социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ, спортымрэ туризмэмкlэ комиссэм и унафэщым и къуэдзэт. Республикэмкlэ Советым и Тхьэмадэм срикъуэдзэти, а комиссэм и лэжьыгъэм сыкIэлъыплъырт. Гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъ цIыху зэпIэзэрытт Къанщауэ, гуапагъэр зэбгжI Iэщ1агъэлI гумызагъэт. Зыми еижьыртэкъым. Ар зыхэт псалъэмакъ псоми зэгурыIуэныгъэр щытепщэрт. КIэух унафэмкIэ мыарэзымэ, хэпщIыкIыу жагъуэ щыхъурт икIи, егъэлеиныгъэ лъапкъ хэмылъу, и Iуэху еплъыкIэр кьиIуатэрт, ар пхигъэкIыну хущIэкъурт, къарэныгуэ кьеэхъулIэрт. ПщIэшхуэ зыхэсщI Къанщауэ си гум кьыбгъэдэкIыу и юбилеймкIэ сохъуэхъу. ЩIэх дыдэ и узышыгъэр зэтеувэжу и Iыхьлыхэри, фIыуэ зылъагъу и лэжьэгъуэхри игъэгуфIэну, мы гъащIэм гу щихуэну си гуапэщ».

Дэри, абы и ныбжьэгъу, и цIыхугъэ псоми, а хъуэхъур дыдоIыгъ. КьыпкъуэкIа лIыгъэм пщIэшхуэ хуэтщIу, уи жьэгу пащхьэм тыншыпIэ щыбгъуэтыну, уи Iыхьлыхэм я IэфIрэ я гулъытэрэ ущымыщIэу, уузыншIэу гъащIэ дахэ къэбгъэщIэну дыпхуоупсэ.

Уи ныбжьэгъухэмрэ уи лэжьэгъухэмрэ.

● Банк Iуэхухэр

ПщIэншэу къызэрагъэпэщ

Мэлыжьыхьэ дызэрытым и 9-м къыщыIэдзауэ и 16 пщIондэ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ финанс Iуэхуэм щыхурагъэджэну Урысейпсо тхьэмахуэм и дарэгъу нэхъыщхьэу ХъумапIэ банкыр кьоув.

А ПIАЛЪЭМ кьриубыдэу къэралым щиIэ хэщIапIэ псоми хъумапIэ банкым сабийхэм папщIэ дерс хэхахэр, экскурсэр, Интернет Iэмалкlэ щрагъаджэ вебинар зыбжанэ кьыщызэрагъэпэщынущ. Щыхьэхэм хуэдэу сымаджэм егупгъуи хуэсакъи гъуэтыгъуейщ. А кьалэнри и пщэ дильхьэжауэ, и щхьэгъусэ Жаннэ абы лъандэрэ Къанщауэ зэрехь, гугъуехьхэм щхьэкIэ кьэмынэу, гъащIэм щогуфIыкI, узым зэрытекIуэнур и фIэщ мэхъу. Я бын балигъэу Залинэ, Маринэ, Расул сымэ анэм доIэпыкъу.

КЪР-м и Парламентым Республикэмкlэ и Советым и япэ унафэщIу щыта Нэхущ Заурбий абы пщIэшхуэ хуещI:

«Къанщауэ нэмысшхуэ зыхэлъ цIыху зэпIэзэрытщ, гуапэщ, псэ хьэлэл зиIэ лэжьакIуэшхуэщ. Интернационалист нэсщ. Республикэм и кьэралыбзэ псоми хуэшэрыуэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэр гъэбыдэныжьа дапщэщи щапхъэщ. ЦIыхугъэр апэ изыгъэщ, гурэ псэкIэ бэм ябгъэдэт, лъытэныгъэшхуэ зиIэ, лъэныкъуэ псори зэпэзылъыт Iэщ1агъэлIу. ЩыIэныгъэр и лъабжьэу сыт хуэдэ Iуэхури зэрызэпишэчыр и хьэл нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ».

Еджагъэшхуэ, КЪР-м и жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ Федченко Людмилэ игу кьегъэкIыж:

«Шаваев Къанщауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым Республикэмкlэ и Советым и етIуанэ хэхьгъуэм и депутат, социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ, спортымрэ туризмэмкlэ комиссэм и унафэщым и къуэдзэт щыхахым, Бэм я лIыкIуэу щыщыта илъэсхэм цIыху губзыгъэу, щIэныгъэ куу зиIэ IэщIагъэлIу, социальнэ Iуэхуэхэм пыщIа хьэзэхэм фIыуэ хищIыкIыу зыкьигъэпльэгъуащ.

Республикэм и социально-экономикэ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми хуэгъэпса законопроектхэр гъэхьэзырыным жыджэру хэтащ. Къащта законхэм абы и жэрдэм куэд кьищIалъытащ. КЪР-м и советым и Парламентым щигъуэта Iуэху зекьэкIэр хабзэзубзыху лэжьыгъэм сэбэпшхуэ къыщыхуэхьужьырт. Политик нэIурытти, Парламентым и IуэхущIафэм, социальнэ кьалэнхэм япыщIа хабзэхэм хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм зэпымыууэ щытепсэльыхьырт, къащтэ законыщIэхэм я мыхьэнэр зэпэкрихьырт, цIыхухэм я упщIэхэм хуэфащэ жэуап кьахуигъэтырт. Зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм, ныкъуэдыкIуэхэм, унагъуэшхэм, хуэмышIэхэмрэ псоми Iыхьлыхэм я Iыхьлыхэри, фIыуэ зылъагъу и лэжьэгъуэхри игъэгуфIэну, мы гъащIэм гу щихуэну си гуапэщ».

Дэри, абы и ныбжьэгъу, и цIыхугъэ псоми, а хъуэхъур дыдоIыгъ. КьыпкъуэкIа лIыгъэм пщIэшхуэ хуэтщIу, уи жьэгу пащхьэм тыншыпIэ щыбгъуэтыну, уи Iыхьлыхэм я IэфIрэ я гулъытэрэ ущымыщIэу, уузыншIэу гъащIэ дахэ къэбгъэщIэну дыпхуоупсэ.

Уи ныбжьэгъухэмрэ уи лэжьэгъухэмрэ.

● Гу зылъытапхъэ

Къэралищэм щIигъу къызэщIеубыдэ

Лэжьыгъэмкlэ къэрал зэхуаку организацэм и жэрдэмкIэ, илъэс кьэс мэлыжьыхьым и 28-м Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэр ягъэлъапIэ. Абы хуагъэхьэзыра Iуэхугъуэхэм хьихьу, къэралым и дэнэ щыпIи хуэдэу, лэжьыгъэр хъумэным хуэгъэпса мазэ Iуэхугъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыхалъхьэ.

2017 гъэм ар екIуэкIынущ «Iэнатlэр хъумэным тегуха хьыбархэр къагъэщIэрщIэн, зэхуэхьэсын, къагъэсэбэпын: профилактикэ зэращI хабзэм и лъабжьэхэр гъэбыдэн» кьыхуеджэныгъэм щIэту. Мыхьэнэ хэха зиIэ «Зыхуэфащэ лэжьыгъэ - лэжьыгъэ щынагъуэнщ» жыхуиIэ мы псалъэхэр абы Къэбэрдей-Балъкъэрым щыдыщIагъэжьынущ.

КЪР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дзэпэлъкъунытэмкIэ и министерствэм унафэщIхэм, лэжьакIуэ гупхэм, Iуэхур зэхьэлIа министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципальнэ щынальэхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, республикэм и профсоюз организацэхэм захуеГьаазэ лэжьаIэ Iэнатlэ тэмэм, шынагъуэншэ кьызэгъэпэщыным я кьарур хуэщIагъэуIэну икIи Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэм тегуха зэIущIэхэр, семинархэр, гьэлъэгъуэныгъэхэр, ельыныгъэ-зэпеуэхэр зэхащэну, хъыбарегъащIэ Iэмалхэр кьагъэсэбэпыну, районхэм, кьалэхэм, Iуэхущ1апIэхэм Лэжьыгъэр хъумэным и махуэ щрагъэкIуэкIыну, Iэнатlэхэм я шынагъуэншагъэр зыхуэдэр кьэпщытэным, лекцэхэм хуэхуеджэным, лэжьыгъэр хъумэныкIэ законодательствэм кьыгъэувэхэм хэгъэгъуэзэным, нэгъуэщIхэми ехьэлIа Iуэхугъуэхэри хэту, дэтхэнэ организацэми Лэжьыгъэр хъумэным и махуэ кьыщыхьалъхьэну, лэжьакIуэ псори абыхэм хашэну.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, Iэнатlэ Iутым и гъащIэмрэ и узышагъэмрэ хъумэным пыщIа лъэпощхьэпохэр кьызыхэкI щхьэусыгъуэхэр зэIущIыIу щIыным тегуха Iуэхугъуэхэр къэралищэм щIигъэм а махуэм щрагъэкIуэкIынущ.

Лэжьыгъэмкlэ къэрал зэхуаку организацэм (МОТ) кьызэрыщабжамкIэ, Iэнатlэм кьыщыхуэ насыпныншагъэхэмрэ узыфэ гъэтIылъахэмрэ илъэсым цIыху мелуанитI е махуэ кьэс лэжьакIуэ минихым нэблагъэ йокIуэдыкI. Iэнатlэм щыхэкIуэдахэм я бжыгъэм проценти 10-кIэ хохьуэ.

КъищынэмыщIауэ, Iэнатlэм кьыщыхуэ насыпныншагъэхэм лэжьакIуэ мелуан 270-м фэбжь хах, мелуани 160-м узыфэ гъэтIылъахэр кьоуалIэ.

ТОКЪМакЪ Мадинэ,
КЪР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дзэпэлъкъунытэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Абы дегъэпIейтей

Мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ

КIэлъыплъын зимыIэ сабийм и Iуэхур зэрыхъунур куэдкIэ елъытащ къэралым абы хуищI гулъытэм. Республикэ полицэм и лэжьакIуэхэр, мы Iуэхур зи къалэным хьихьэ нэгъуэщIхэри я гъусэу, щIэх-щIэхыурэ макIуэ унагъуэ хуэмыщIахэм. Йужьрейуэ апхуэдэ Iуэху щекIуэкIащ Тырныауз къалэм. Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ щыналъэм щиIэ къудамэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэм и инспекторхэр, щIыпIэ администрацэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм и лIыкIуэхэр, Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ щыналъэм щиIэ къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт АфIэунэ Дусэ сымэ щыIащ сабийр зыхуей щыхуэмызэ унагъуэхэм.

ЩIЫПIЭМ щыпсэу, илъэс 36-рэ зи ныбжь цIыхубзыр профилактикэ учётым ягъэуващ 2016 гъэм и мэлыжьыхьым. ПДН-м и лэжьакIуэм зэрыжиIамкIэ, илъэс фIэкIа мыхъу сабий зиIэ цIыхубзыр зэрыфадафэм къыхэкIыу хабзэхъумэжэм учётым ягъэуващ. Нэхъыщхьэраци, дэлэжьащ, зыщIагъэгупсысжьын папщIэ. Яущий къудей мыхъуу, икIи дэIэпыкъуащ: и фэтэрыр зыхуей хуагъэзащ, ерыскъыхэкIхэр, хьэпшыпхэр къыхуащэхуащ.

- Абы зихъуэжу щIидзащ, фадэ ефэжьыркъым, зэманыр зытригъэкIуадэр сабийрщ, езыри зыкIэлъыплъыжу хуежьащ. Арщхьэкlэ, цIыхубзыр учётым щихьжьыпхъэ зэманыр кьэсакъым. Iэщ1агъэлIэм къызэралыытэмкlэ, цIыхубзым дэлэжьэн хуейщ и узынщагъэр зэфIэувэжыну, - жеIэ Iуащхьэмахуэ районым и щIыпIэ администрацэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмра абыхэм я хуитынигъэзэр хъумэныкIэ и комиссэм и Iэщ1агъэлI нэхъыщхьэ Къардэн Татьянэ.

Иджыри зы тырныауздэс цIыхубз учётым щытщ 2015 гъэм и щэкIуэгъуэм щыщIэдзауэ. Абы и фэтэрым ущIыхьэмэ, хуэбгъэфащэнукъым а цIыхубзым зегуэр нэгъуэщI дуней тетыкIэ иIауэ. Езыр зыкIэлъоплъ, пэшхэр къабзэщ, илъэситі хьу ипхъу цIыкIур цIыгъущ.

- Жытlэнщи, куэд щIакъым ар зэрызыщIэгупсысыжрэ. Абы зихъуэжу щIидзэри, гу лъыптэу ипхъу цIыкIуми зыкъиужьыжащ, и фэтэрыр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ абы дыдэIэпыкъуащ, районым и щIыпIэ администрацэр ди гъусэу. Дэ абы и деж махуэ кьэс дыкIуащ икIи дощIэж абы и фэтэрыр Iисрафу, зэанэзэпхъур шхынкIэ гугъу ехьу зэрыщIытар. ДыщогуфIыкI зэгъусэу едгъэкIуэкIа Iэнатlэгъэм кьурикIуахэм, - жеIэ Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ щыналъэм щиIэ къудамэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и Iэнатlэм и унафэщI Бабаевэ Маринэ.

Цыхубзым хъэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ, и сабийр Iамыхьну, зихъуэжыну Iэмал къратыну илъэситі и пэкIэ щыпсаIуэм, дзыхь кьызэрызыхащIам, апхуэдэуи сыт и лъэныкъуэкIи кьызэрыдэIэпыкъум папщIэ.

ЩIыпIэ властымрэ полицэм и лэжьакIуэхэмрэ доIэпыкъу мы кьалэм щыпсэу цIыхухэм. Абы и щхьэгъусэр дунейм ехьжащ, езым сабиитI кьызэнэри. Мы зэманым абы и фэтэрэр зэрагъэпэщыж, сабийхэр пIалъэкIэ нэгъуэщI хэщIапIэм щопсэу икIи инспекторхэм я нэIэ трагъэтщ.

Мы Iуэхум хэтахэр нэгъуэщI унагъуэ зыбжанэми щыIащ, иужькIэ ирагъэкIуэкIащ «СтIол хъурей», гугъуехь хэхуа унагъуэхэм, сабийхэм къэралым яхуищIэфынум щытепсэлъыхьу. ЗэIущIэм кърагъэблэгъат хабзэншагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэраложьам кьыхэкIыу къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я учётым щыт ныбжьыщIитI. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, ялэжьамкIэ щIегъуэжащ, уеблэмэ ироукIытэж, спортым дихьэхащи, узыншэу дунейм зэрытетынум хущIэкъунущ.

КЪР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ щыIэ министерствэм къызэритымкIэ, 2016 гъэм нэгъуэщI ведомствэхэм ящIыгъуу кьаIэтащ кIэлъыплъын ямыIэу ахэна сабийхэм ятеуауэ Iуэху 2062-рэ икIи абы кърикIуэхэмкlэ учётым ягъэуващ хабзэр къызэпызыудауэ 257-рэ. ЩхьэрыутIыпщ хъуауэ дэт ныбжьыщIэ 230-рэ щыIэу къыщIэкIати, абыхэм ящыщу 91-р медицинэ, 60-р социальнэ хъумэныкIэ Iуэхущ1апIэхэм, 11-р еджапIэхэм яшащ, 68-р я адэ-анэхэм е хабзэкIэ зэгъэбыдыпIэхэм иратыжащ.

УАРДЭ Женя.



Ящымыгъупщэмэ, псэу пэлъытэщ

Дунейм ехьжа цIыхур куэдым Iэфlу ягу къагъэкIыжмэ, Iуэхущ1афэрэ дуней тетыкIэу иIам тепсэльыхьыжмэ, абы щыгъуэ ар псэу пэлъытэу жаIэ. Псыгуэнсу къуажэм иджыблагъэ щекIуэкIащ абы дэт езанэ курыт школым илъэс куэдкIэ щылэжьа Мыз Алёшэ ягу къыщагъэкIыжа зэхуэс. Я лэжьэгъуу щытам теухуа фэеплъ зэхуэхьэ зэхэщIэн хуейуэ жэрдэм зыщIахэм ящыщщ къызэгъэпэщакIуэу еджапIэм щыIэ Уэтэбей Iэнтисэ. Аращ пшыхьыр езыгъэкIуэкIари. Абы ирихьэжьа Iуэхур я гуапэу даIыгъащ егъэджакIуэ псоми, школым и унафэщI Безыр Мадинэ я пашэу.

ШКОЛЫМ и пэш нэхъ ин дыдэм Iуву щIэст зэхуэсым кьрихьэлIахэр: егъэджакIуэхэр, ныбжьыщIэхэр, Алёшэ и Iыхьлыхэр, и ныбжьэгъуэхэр, филологие щIэныгъэхэм я доктор Къэшэмокъуэ Iэдэм я пашэу университетым кьыщыдеджа цIыху зыбжанэ, Аруан районым и щIыналъэм хиубыдэ школхэм кIалъа егъэджакIуэхэр.

Мызым и лэжьэкIар, и дуней тетыкIар, ар и Iэщ1агъэм псэ хьабзэкIэ зэрыбгъэдэтар, илъэс 55-рэ фIэкIа къимыгъэщIами, Iэужь узышIэ къызэрызэринэкIар, ныбжьэгъур игъэпэжу къызэрыгъэгурыкIуар ягу къагъэкIыжу цIыху куэд кьыщыпсэльащ зэIущIэм.

Еджакlуэ ныбжьыщIэхэу Жыкъуэ Тимуррэ Мыз Элинэрэ щIигъуу Уэтэбейр тепсэльыхьыжащ Алёшэ и гъащIэ гъэзэгуанэм. Ар зыхуей зыгъуэту къэтэджажэм ящыщакъым. И ныбжьыр илъэс ирикIуа къудейуэ арат и адэр дуней щехьажам. И къуэшилплым ящыщу нэхъыжьыр зэрыхъур илъэсибгъут. Зэшитхур къызэщIагъэтэджащ, цIыху хуэдэ цIыхуу зэрапIыным я гъащIэр щхьэзыхъуащIащ сабиитхуэм я анэ Хьэкlулацэрэ я анэшхуэ Дахэужьэрэ. Къуажэм дэт курыт школыр кьиуха нэужь, Алёшэ щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ иIэ кьудамэм. Абы иужь, лэжьэн щыщIидзащ езым кьиуха Псыгуэнсу школым, урысыбзэмрэ литературэмрэ сабийхэм яригъэдж. А зэманым абы хуабжу гугъу зыдригъэхьащ ныбжьыщIэхэм урысыбзэр фIыуэ ящIыгъэ кьэгъэтэджыным. Куэдрэ кьыхуихуащ тетрадкэр щIипщытыкIыу нэху щыхуищысаи.

А лэжьыгъэм илъэс зыбжанэкIэ пэрытащ, Алёшэ и гур нэхъ зыхуеIэ Iэнатlэм пэрывращ: абы лэжьэн щIидзащ воениукыу. И лэжьэкIэр гунэс ящыхъуа кьыщIэкIынти, къызэгъэпащакIуэ кьалэныр и пщэ кьыдалъхьауэ щытащ куэд дэмыкIыу. 1991 гъэм ар ягъэуващ школ унафэщым и къуэдзэу.

И гъащIэр щхьэзыхь зыхуищIа Iэщ1агъэм ирилажьэу, а школым Алёшэ Iутащ илъэс 30-м щIыгкIэ. И Iэщ1агъэм зэрыхуэзэкIуэльакIуэм и нэщэнэу, ар хъуащ кьатегорие нэхъыщхьэ зиIэ егъэджакIуэ. Иужь лъэхъэжэм Мызым и пщэ дэлъар нэхъыфI дыдэу илъагъу предметыр - ОБЖ-р - ныбжьыщIэхэм яригъэджьнырщ. А Iэнатlэм щиIэ зэфIэкIым папщIэ абы кьаратащ саугъэт зыбжанэ: «УФ-м и ДОСААФ-р илъэс 85-рэ зэрырикъум папщIэ», «За ратную доблесть» медалхэр, Совет Союзым и ПIыхьыжь Громов Борис и Iэ зэщIэлъ Щ1ыхь тхылъ, МЧС-м КЪР-м щиIэ къудамэм кьыбгъэдэкI щытхъу тхылъ, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри.

И Iэнатlэм зэрыIутым хуэдэу, и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм егъэджакIуэм зэхуихьэсащ я жьлэм, Жанхъуэтхьэблэкlэ зэджэгу щытам, и тхьдэм теухуа тхыгъэ хьэлэмэт зыбжанэ. 2001 гъэм Мызым къэдигъэкIащ Псыгуэнсум и кьэкIуэкIыкIам, жьлэр зэрыгушхуэ щIыкIэ щIэрыIуэхэм, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, щIэныгъэлIхэм, щэнхабзэм, литературэм я лэжьакIуэхэм, адыгэм я пщIэр зыIэта спортсменхэм щатепсэльыхь тхыгъэхэр зэрыт тхылъ хьэлэмэт. Абы япэIуэкIэ къыдигъэкIауэ щытащ ОБЖ-мкIэ егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри зэрыгъуэзэн тхылъ щIыкIуи.

А псом нэмыщI Мызыр тхэрт газетхэм. Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуауэ я ныбжьэгъуэхэм я Iэдакъэщ1кIэхэр мызэ-мытIэу къыт-радзащ «Адыгэ псалъэми» нэгъуэщI газетхэми.

Аруэдзу иужь лъэхъэнэм зыбжанэми щыIащ, иужькIэ ирагъэкIуэкIащ «СтIол хъурей», гугъуехь хэхуа унагъуэхэм, сабийхэм къэралым яхуищIэфынум щытепсэлъыхьу. ЗэIущIэм кърагъэблэгъат хабзэншагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэраложьам кьыхэкIыу къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я учётым щыт ныбжьыщIитI. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, ялэжьамкIэ щIегъуэжащ, уеблэмэ ироукIытэж, спортым дихьэхащи, узыншэу дунейм зэрытетынум хущIэкъунущ.

КЪР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ щыIэ министерствэм къызэритымкIэ, 2016 гъэм нэгъуэщI ведомствэхэм ящIыгъуу кьаIэтащ кIэлъыплъын ямыIэу ахэна сабийхэм ятеуауэ Iуэху 2062-рэ икIи абы кърикIуэхэмкlэ учётым ягъэуващ хабзэр къызэпызыудауэ 257-рэ. ЩхьэрыутIыпщ хъуауэ дэт ныбжьыщIэ 230-рэ щыIэу къыщIэкIати, абыхэм ящыщу 91-р медицинэ, 60-р социальнэ хъумэныкIэ Iуэхущ1апIэхэм, 11-р еджапIэхэм яшащ, 68-р я адэ-анэхэм е хабзэкIэ зэгъэбыдыпIэхэм иратыжащ.

УАРДЭ Женя.

● Фэеплъ

Мыз Алёшэ

Зэ1ущIэр щекIуэкIым.

Тхылъыр щIэныгъэм и IункIыбзэIухщ

● Льэпкъ хъугъуэфIыгъуэ

★ БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий мы псалъэжьыр хьэкъ тщищIыну кьелэн зыхуигъэувыжами кьехьалIащ, шэч хэмылIу. Ар тхылъым хуэпэжати (и гукъэкIыжхэм хэтщ зэрыщIыкIыр тхылъыр зэриIэпэгъур), щIэныгъэм и IункIыбзэIухыр кьыIэщилтхьащ. Абы куэдым гу зэрыльатам и щыхьэткъэ мыр? Тхылъыр фIыуэ зыльагъухэм я Международнодхэ союзым 2011 гъэм Диплом кьритауэ щытащ «За многолетний и самоотверженный труд во имя и во славу Книги» жиIэу. МыбыefIэкIым тыгъэ щыIэу пIэрэ уи дежкIэ, Сэфарбий, жысIэу сеупщIамэ: «Тхылъ кьыззрыосщэхун ахъшэ», - жиIэну кьыщIэкIынт.

ЩIэныгъэ куэдым яIэщ, ауэ ар кьыззрагъэсэбэп щыкIэкIэ зэтехуэркъым. ЩIэныгъэшхуэ зиIэр, дунейм щекIуэкIыр кьыгурымыIуэжу, хьэршым хэтым хуэдизу, кьыдыкIынэ щыIэщ. Кьэхъу щIэныгъэ зригъэгъуэтам хуэфащэн лэжьыгъэ цIыхум и гуащIэ кьыщимыхьыж.

Сэфарбий тхылъхэмрэ гъащIэмрэ кьыхиха щIэныгъэмрэ гупсысэмрэ хьэпIащIэщыгъэу кьызэрыпэль кьэщIащ» жьхуиIэ щIыкIэу. Абы и гупсысэ кьызэщIэкъуэкIэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъэнщ, кьыхэхъуэыкIащи, мыр псалъэжь жьипхъэм нигъэсыфакъэ, щыжьипIэр мащIэжьым. ЩапхъэI. «Бзаджэм и лъэр бгъэувмэ, хеящIэу увыпащ», «ДыгулъасэР зи нобэм пщэдей иэкъым», «Гумызагъэр гугъэзагъэщ».

Мыбыхэм Iущыгъэ, ущие зэрахэлъым кьинэмыщIауэ, езыхэр уи гум ибубыдэну тынщ аллитерацие жьыхуаIэр (кьэрф дкIуаIэщхэм я макъ зэщIэкъуэкIыр) кьызэрригъэсэбэпым и фIыщIэкIэ. «Къэзгъэсэбэпынщ» жьипIэкIэ пхуэзэфIэкIынкъым - ар уи бзэр зэрыбейм, нэхъыжьхэм яIа псэльэкIэр уи тхьэкIумэм кьызэриналм я щыхьэту кьыщIэкIынщ.

Сэфарбий и тхыгъэхэм сыхэлтхьакIэ хуей щIэхъуэм щхьэусыгъуитI иIэщ. Ягъэ 2016 гъэм абы тхьилъитI кьызэрыдигъэкIаращ: «Время творец сущего. Эссе: миниатюры, афоризмы», «Кавказская война и адыги: история и политика. Думы в контексте Гёте» - аращ а тхьилъхэм яфищащ.

ЕтIуанэ щэхуэсыгъуэр - Сэфарбий и ныбжьыр мы гъэм илъэс 75-рэ зрырыкIуращи, сэ ар къы-зэлъытатэмэ, 2017 гъэр а тхьидэтхьм, философфым, тхакIуэм и гъэу згъэувынт, абы и Iэдакъэщ1кIэхэм нэхъыбэ егъэщIэжн щхьэкIэ.

ЩIегъэщIэжнум и зы щхьэусыгъуэри жысIэнут. КIыщокъуэ Алимрэ Бейтыгъэн Сэфарбийрэщ псалъэмакъышхуэ зращIэкIа тхыгъэ зиIэу си щхьэкIэ сызыщыгъуэзэр - «Нал къута» романымрэ «Кабарда и Ермолов» тхьидэ очеркхэмрэ. КIыщокъуэм и романыр ябзу ядыжа совет пропагандэм темыхуэу кьыщIэкIат. «Кабарда и Ермолов» тхьилъраци, мы зауэм зи льапсэр игъэгъуцIыпэ пэта адыгэхэр - «ягурыгъэIуэну» кьым Ермоловыр зэгуэр Пушкин, Грибоедов, Рылеев сымэ, зэгъэщIэхэм я щыгъуэкIэ щIагъэнауэ зэрыщытам. А щыгъуэр зыхуэдам «Проконсул Кавказа глазами соотечественников» IыхьэмкIэ дыщIегъэгъуазэ Сэфарбий.

Иджыблагъэ телевизорымкIэ кьагъэлъэгъуащ бзылъхугъэ 80-м щIигу зыукIа щIэпхъаджащIэр кьызэрыщIагъэщам теухуа нэтын. Абы и щухьэгъуэсэм жиIэрт ар цIыху щабэу, гушыIэ хэлъу, унагъуэм теубгъуауэ щытауэ. Ермоловым щхьэкIи апхуэдэ гуэр пхужыIэнущ: ар Урысейм и дежкIэ лIыхъужьщ, Къэбэрдейм дежкIэ - лIыукIщ. Абы щхьэкIэ уэздауэкIэ кьикIын щIэпхъкъым. Ауэ зи тетыгъуэхэм лъэпкъымрэ Хэкумрэ зэрахъуэжи акъыл яIэн, жьжьалIэу щытын зэрыхуейращ Бейтыгъуэным зытригъащIэр. Абы арэзы темыхъуэн къэгъуэтыгъуейщ, ауэ блэкIам дриздауэ щхьэкIэ, нобэми тлъагъурькъым, зэрыжьаIэу, зи щхьэм бадзэ тезыхужьыфхэр лъэпкъым егупсысу, «щIэблэ - бз - хабзэ - щIыналъэ - псэукIэ» жьхуэтIэным творец сущего» тхьилъым ит эссехэм, миниатюрэхэм, жьыгъэгъуэхэм.

Сэ абыхэм сагъэгушхуэ, сыт хуэдэ утыкуи ибгъэхьэ хъун философ, тхыдэтх, публицист дыззриIэр зыхьзощIэри.

Мы зэманым зыгуэрым зыгуэр ебгъэгъэщIэгъуэну гугъэщ, тхьпIэ еджэным теухуауэ жыпIэмэ. ТелефонкIэ зэпсэльэныпрэ сурэт гъэщIэгъэнхэр зэхуэгъэхьыныпрэ зи гъащIэр теухуар нэхъыбэщ. ЦIыху губзыгъэм итхам еджэныр кьатохьэлъэ: е хущIэмыхьэжхэрэ е сыт и лъэныкъуэкIи тKIий хъуа дунейм «лириКэ» кьыщIэзылъхьуэр мащIэ?

Мы Iуэхум узыгъэгупсысэ хэлъми (лъэхъэнэ кьэс ешIи и нэщэнхэр иIэжщ), арасколым нэхъыщхьэу кьэслыытэр, атIэ а щIэныгъэ лIэужьыгъэр дэри дыззриIэрщ.

И жьыгъуэзэм (афоризмхэм) ящыщ зы щапхъэу кьэсхьынут, урысыбзэкIэ зэритам хуэдэу. «Представители мировой культуры, независимо от их конкретной национальной принадлежности, состоят в духовном родстве, по сути образуя единую наднациональную прослойку без кастовых предрассудов». Адыгэ псалъэжь щыIи: «Удын зэхэдзэ нэхъри - акъыл зэхэдзэ», - жиIэу, Сэфарбий зи гугъу ищIыр акъыл зэхэдзэращ, дыкIэрыщIауэ дунейр удын зэхэдзэм хуагъакIуэ щхьэкIэ.

Мы тхылъыр пхуэгъэтIылъыр-къым, уняджысыну ухуейщ. Ауэ езыр кьобзэджкI: зы тхыгъэ гурым е уэсэм я гугъу здищIым, а тхылъым ар зи Iэдакъэщ1кIми уегъэлъыхъуэ, ауэ кьыбгуроIуэ узэрыкIэщIэмыхьэнур. Зы щапхъэ, и эссехэм ящыщу.

Исторические параллели. Великий композитор Людвиг ван Бетховен (1770 - 1827) был приближаком с князем, венским аристократом Карлом Лихновским (1756 - 1814), который был его поклонником. Выходец из «третьего сословия», Бетховен держался с большим чувством собственного достоинства. Как-то он сказал Лихновскому: «Тем, чем вы являетесь, вы обязаны случайности своего рождения. Тем, чем я являюсь, я обязан самому себе. Князей существует и будет существовать тысячи. Бетховен - только один».

Аналогичную мысль высказал и выдающийся кабардинский поэт-импровизатор Ляша Агноков (1851 - 1918). По своему сословному положению он относился к узденям третьей степени, т.е. был мелким дворянином. Однажды ему понадобилось переправиться через бурную реку, но он на минуту остановился в нерешительности. Тут подвернулся человек из первостепенной кабардинской дворянской фамилии Коголкиных, который и вызвался переправить Агнокова. В завязавшемся диалоге Ляша Османович в свое оправдание сказал, намекая на сословное различие:

Уэ зыр уитхьэлэмэ,
бзыльхъэкъым,
Къэбэрдейр зэрыуэрк минт.

★★★

Сэ ситхьэлэмэ, арат бзылъхьыр - ДжэгуакIуэншэу фыкьыдзыхэнат!

(Нало Заур. Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ. Налшык. 1991.101-нэ н.)

В обоих случаях речь шла об уникальной творческой личности. В этом они идентичны. Конечно, есть и различие: Агноков сравнительно недавно извлечен из мрака забвения и, кроме как на родине, мало кому известен, а Бетховена знает весь цивилизованный мир; каковы судьбы - такова и степень известности необыкновенно одаренных людей.

Сильное впечатление оставляет другое высказывание Агнокова. На одной заупокойной молитве эфенди отозвался уничижительно о женщине, утверждая, что она неугодна Аллаху. Возражая ему, Агноков разразился стихами, которые заканчиваются так:

ЦIыхубым и нэфIымрэ
Тхьэфым и гущIэгъуэмрэ сыхьумыгъадэ!

Пожалуй, это - самая возвышенная оценка, которую когда-либо давали женщине не только мужчины, но и носители прекрасной половины самим себе: ставится знак равенства между Творцом и его созданием. К ней приблизился, и то выборочно, лишь Ницше: «Совершенная женщина есть более высокий тип человека, чем совершенный мужчина, но и нечто гораздо более редкое». А Л. Н. Толстой свое негативное отношение к женщине выразил своеобразно. «А я про баб скажу правду, - писал он, - когда одной ногой в могиле буду, - скажу, прыгну в гроб, крышкой прикроюсь - возьми-ка меня тогда!»

Оценка такого строгого критика, каким был Агноков, - свидетельство высокого социального статуса кабардинской (черкесской) женщины в своем народе, которым, судя по авторитетным словам Ницше и Л. Н. Толстого, не пользовались немки и русские женщины.

Адрей псом я гугъу сщIынкъыми, Агнокъуэ Лашэ и щIэинхэр зэрыт тхылъым уигъэльэныхъуэнукъэ мы эссем?!

Бейтыгъуэным и тхыгъэ кIэщIэкмкIэ ущегъэгъуазэ «дунейр щIыпIэ щIыпIэщIэ» лъэндзэрэ щIыхуIэ зиIэм и нэгу щIэкIамрэ ахэм ятеухуауэ щIыхуIущхэм жаIамрэ. Абы уи зэхэщIыкIым зрегъэужь, мыхьэнэ зэтыпхъэмрэ уи нэр зыхуэбофIыщIын хуеймрэ зэхэбгъэкIыфын хуэдэу уеущий, ар дунейм нэхъ тынчу утезыгъэтын хьэп-щIэным хуэбгъэкIыфынущ, щIэныгъэрэ акъылрэ кьыхэпхыфынущ, ухуеймэ.

ЩIэныгъэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр щхьэхуит узэрищIраш. Сэфарбий зэрыжиIауэ: «Пакъуитlкlэ щымытlыфыр - хьэпIащIуIлIу тыншу мэуе! Апхуэдэхэм зэи ящыщ ухъунукъым, щIэныгъэ уиIэмэ».

Езы Сэфарбий зэрыжиIэмкIэ, и жьыгъэхэр тхьидэ-философие, художественно-философие тхыгъэхэщ.

Афоризмхэр щыззэхуэхьэсауэ тхьилъ куэд дунейм тетщ. Апхуэдэхэр тхьилъ тедзапIэхэм кьызэрымыкIуэу ягъэщIэращIэ, абыкIэ зыгурым ухуэупсэ зэрыхъунум тращIыхьу. Акъылымрэ псэмрэ кьагъэщIар лъапIэкъэ! «Энциклопедиция мудрости», «Золотая энциклопедия мудрости» - апхуэ- дэ фIэщыгъэщIэщ хуагъэфащэр а тхьилъхэм. Дэри иджы диIэщ, зыгуэр кьыщIэупщIэххэ хьумэ, яхуэдгъэлъэгъуэн философ. Уеблэмэ зи афоризмкIэ цIэрыIуэхэм яхэтщ. Бейтыгъуэным и Iэдакъэм кьыщIэкIам хуэдиз зиIэ. Аэрэ зэфэхэщу фIы защIэщ пхужьIэнукъым, ауэ, уеблэмэ Пушкини кьехьулIакъым гъуэзджэ защIэ кьызэринэкIын. «ФIыр мащIэщ, мащIэр фIыкъым», - жеIэ Сэфарбий. Фегупсысыт мыбы кьызэщIиубыдам!

Бейтыгъуэныр зыцIыхуэм фIы и гушыIэкIэр ящIэ. Уи акъылыр псынщIэу умыгъэлажьэмэ, жиIэр кьыпхуэмыубыдынри хэлъщ. Тхылъым, сыкъэщIыпыгуфIыкI кьысхуихуэу сыщеджэкIэ, си псэм зегъэпсэху. Феджэт.

Хьэл Iээнтlам кьыщохъу езым хуэдэу захуэ щымыIэу.

Удэфа гуп слъагъумэ, ерыжьыжьу жьжьауэр сигу кьокI.

Зуэмыжьын зытеплъхьэм и лъэр щIощIэри, ари зехьэным кьыхохъуэ.

Кьызэрабжьым хуэдэу дунейм цIыху куэд теткъым - нэхъыбэр гуэтщ, бгъурытщ, телъщ.

Дунейм тетхэм яхэббжэну кьыпщыгуфI

ШИРДИЙ Маринэ.

★★★

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм зи гур хуэкъабзэ

● Къэпщытэныгъэ

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхмкIэ и министерствэм и унафэкIэ республикэм щокIуэкI анэдэлъхубзэхэм хуэхьа мазэр. А унафэм ипкъ иткIэ, республикэм и школхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмрэ щIалэгъуалэм и Iуэху зытетыр кьахутэн мурадкIэ, къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэн министерствэм лъэпкъыбзэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Табыщ Муратрэ ар зи пашэ къэпщытакIуэ гупымрэ. Апхуэдэ къалэн я пщэ дэлъу къэпщытакIуэхэр еблэгъат Бахьсэн районым щыIэ Дыгулыбгъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №9-м.

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ и мазхуэшхуэу екIуэкIащ еджапIэм и лэжьакIуэ нэхъыфI дыдэхэм я зэфIэкIыр ди пащхьэ кьыщралъхьа мазхуэр. Ди нэгу щIэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ еджапIэм гулъытэшхуэ зэрыщыхуащIыр, егъэджакIуэхэм я гъэсэн цIыкIуэхэм бгъэдалъхьэ щIэныгъэр нэрылъагъу щыхъу лэжьыгъэхэр.

Апхуэдэу, «Сосрыкъуэ нартхэм ГъавэI къаззэрыуихьыжар» хъыбарым кьытращыкIа классщIыбэ лэжьыгъэр школым кьепхауэ лажьэ сабий садым щагъэхьэзыращ гъэсакIуэхэу Шорэ Марьянэ, Къуэдзокъуэ Эммэ, ПащIэ Марьянэ сымэ. ГъэщIэгъэуну, удихьэкIуэ екIуэкIащ ТхьэгъэзИт Зубер и повестым хэт анэм ехьэлIа псалъэжьхэр хъыщагъбзыгъыжьым еджакIуэхэм яку эздауэ ящыщ. «Анэр бынгъэкIуэдщ», - жызыIа пщащэ цIыкIум адрейм пэщIыгъуэращ езым и Iуэху епIыкIэр къэзыгъэльэгъуа нэгъуэщI псалъэжь: «Анэм и быным хуищIэр фIэмащIэщ». Апхуэдэу, псалъэмакъым ящыжьэру хэтащ классым щIэс псори, дэтхэнэми и гупсысэкIэр къиIуатэу. ЕгъэджакIуэм и псалъэкIэ щIигъэбыдэж мыхъужь, «жэуап тэмэмыр мыращ» жиIэ япиубыдыр-тэкъым. Абы и гъэсэнхэр хуишащ гупсысэ нэхъыщхьэу я дерсым къыхахыпхъэхэм: «Адэ щIэину сыт цIыхум Iэщ1кIыр? Адэ щIэин мыкIуэду цIыхум къыхуэнэр сыт?» Абыхэм я жэуапхэм арэзы утемыхъуэу къэнэркъым: щIэин нэпщIу мыльку, ныбжьэгъупщIкIэр, зыщыгугъа къуплькъур, нэсып Iэрымылъхьэр; адыгагъэр, цIыхугъэр, напэр, хабзэр, нэмысыр - ахэращ цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэну зыхуущIэкъупхъэр.

- Мы Iуэхугъуэхэр кьыщежьэр унагъуэращ. Унагъуэр псэлъэкъым, хэкум и пкъыгъэуI. Адэ-анэр зымыгъэпэжым псэлъэкъри хэхуэри хуэгъэпэжыныкъым, - жеIэ егъэджакIуэм.

Дерсым кьыщIэлэта гупсысэр кьызыхэщ теплъэгъуэ кьагъэлъэгъуащ ныбжьыщIэхэм. Апхуэдэу абыхэм я зэгъэзэжьыкъым: щIэин нэпщIу мыльку, ныбжьэгъупщIкIэр, зыщыгугъа къуплькъур, нэсып Iэрымылъхьэр; адыгагъэр, цIыхугъэр, напэр, хабзэр, нэмысыр - ахэращ цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэну зыхуущIэкъупхъэр.

Дерсым къыщIэлэта Iуэхугъуэхэр игъащIэ лъандэрэ цIыхур зыгъэгумэщIщ. «Адэ-анэм я щхьэр лъагэу езыгъэIэтри абыхэм я щхьэр кьыфIэзыхри быныр щ» - жаIэ. 10-нэ классым щIэс ныбжьыщIэхэм мы псалъэжьыхэм кьыкIыр Iупщ1у кьагурыIуауэ зэпкърахырт, щапхъэхэр кьахьурэ. Абыхэм я акъылыр зыгъэлажьэн, я Iуэху епIыкIэхэр Iупщ1 къэзыщIыфын упщIэхэр егъэджакIуэм Iэкъуэльэкъуэу яхуигъэувырт. Абыхэм ящыщт: «Сыт унагъэр зищIысыр? Сытым дэж цIыхур жьыщхьэ махуэ хуауэ щыжьаIэр? Адэ щIэин мыльку хъурэ?». КIэрэфу Мухьэмэд и повестым хэт анэм ехьэлIа псалъэжьхэр хъыщагъбзыгъыжьым еджакIуэхэм яку эздауэ хуэдэхуат. «Анэр бынгъэкIуэдщ», - жызыIа пщащэ цIыкIум адрейм пэщIыгъуэращ езым и Iуэху епIыкIэр къэзыгъэльэгъуа нэгъуэщI псалъэжь: «Анэм и быным хуищIэр фIэмащIэщ». Апхуэдэу, псалъэмакъым ящыжьэру хэтащ классым щIэс псори, дэтхэнэми и гупсысэкIэр къиIуатэу. ЕгъэджакIуэм и псалъэкIэ щIигъэбыдэж мыхъужь, «жэуап тэмэмыр мыращ» жиIэ япиубыдыр-тэкъым. Абы и гъэсэнхэр хуишащ гупсысэ нэхъыщхьэу я дерсым къыхахыпхъэхэм: «Адэ щIэину сыт цIыхум Iэщ1кIыр? Адэ щIэин мыкIуэду цIыхум къыхуэнэр сыт?» Абыхэм я жэуапхэм арэзы утемыхъуэу къэнэркъым: щIэин нэпщIу мыльку, ныбжьэгъупщIкIэр, зыщыгугъа къуплькъур, нэсып Iэрымылъхьэр; адыгагъэр, цIыхугъэр, напэр, хабзэр, нэмысыр - ахэращ цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэну зыхуущIэкъупхъэр.

- Мы Iуэхугъуэхэр кьыщежьэр унагъуэращ. Унагъуэр псэлъэкъым, хэкум и пкъыгъэуI. Адэ-анэр зымыгъэпэжым псэлъэкъри хэхуэри хуэгъэпэжынукъым, - жеIэ егъэджакIуэм.

Дерсым кьыщIэлэта гупсысэр кьызыхэщ теплъэгъуэ кьагъэлъэгъуащ ныбжьыщIэхэм. Апхуэдэу абыхэм я зэгъэзэжьыкъым: щIэин нэпщIу мыльку, ныбжьэгъупщIкIэр, зыщыгугъа къуплькъур, нэсып Iэрымылъхьэр; адыгагъэр, цIыхугъэр, напэр, хабзэр, нэмысыр - ахэращ цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэну зыхуущIэкъупхъэр.

Апхуэдэхэр ирагъэкIуэн, къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэн и министерствэм и унафэщI Табыщ Муратрэ ар зи пашэ къэпщытакIуэ гупымрэ. Апхуэдэ къалэн я пщэ дэлъу къэпщытакIуэхэр еблэгъат Бахьсэн районым щыIэ Дыгулыбгъуей къуажэм дэт курыт еджапIэ №9-м.

Ар щIэх-щIэхыуэ зэрыщыхьэ хъуа нэужь, сабийм я акъылри абы теухуа, абы щыгугъ мэхъу. Абы нэхърэ тхылъыр, псалъалъэр я пащхьэ иIэ зэпытмэ - ар я гупсысэкIэм зезыгъэужьын Iэмал нэхъыфIхэм ящыщщ. Иужьрей зэманым хэлэжьыхьажу бзэмкIи литературэмкIи кьыдагъэкIа тхылъхэм арэзы дытохъуэ. Методикэ пособие кьыдэкIахэр зыIыгъэгъэхьауэ кьыдогъэсэбэп, фIыщIэ яхудощI абыхэм елэжьахэм. 5, 6, 7-нэ классхэм сыкьэт плIырыплI, адрейхэм щырыщ диIэу идогъащхэ. Ди школ унафащI ГъукIэлI Майе икъукIэ гулъытэшхуэ кьытхуещI, гъэлъэгъуэны гъэхэм, зэпеуэхэм дыхэтыну гукъыдэж тщIамэ, кьыддеIыгъ, дытрегъэгушхуэ, - жеIэ Марьянэ.

ПщIы хэмылIу, сигу ирихьащ егъэджакIуэм тхылъыр ялэ зэрыригъэщIыр. Апхуэдэмэ, иджырей технологиемкIэхэр IэкъуэльэкIуэу кьиригъэсэбэпу и дерсхэр еухуэ Марьянэ. И лэжьакIэфIым кьыпэкIуэу 2016 гъэм абы кьыхуагъэфащащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр, ЬъэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхъэ «Адыгэбзэ Хасэм» кьыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылъыр, Бахьсэн къалэ ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и ЩIыхь тхылъыр, нэгъуэщI-хэри.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм зи гумрэ зи псэмрэ хуэзIуха Нэзэр Марьянэ хуэдэхэмкIэ Тхьэм кьулей дищI! Ди гуапэщ Марьянэ и мурадыфIхэр кьехъулIэну.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Нэхъыжьхэр ягъэлъапIэ

● Пшыхьхэр

Аруан районым хьыкъ Къэхъун къуажэм щIэхщIэхыгъэ щрагъэкIуэкI щIэблэм хэкупсэ, щэнхабзэ гъэсэныгъэ яхэлъхьэным яхуэгъэпса зэхьыкъ гукъынэжьэр. Абыхэм ящыщ жьлэм дэт курыт школ №1-м и джыблагъэ къыщыщзэрагъэпэща гуфIэгъуэ пшыхьрэ. Зэхьыхьэм и жэрдэмщIакIуэ хуэащ Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьуэст Замирэ жьлэм дэт библиотекэм илъэс куэд лъандэрэ и пашэу лажьэ Пхъэшх Светланрэ. Пшыхьым жьыдэжру хэтащ Къэхъун дэт курыт школитIми я еджакIуэхэр.

УЭХУР щекIуэкIа курыт школ №1-ми екIуу щыщыхуагъэхьэзырат зэIущIэм. Абы и щыхьэпIэм нэхъыжьхэм фIэхъус псалъэ гуапэхэмкIэ къащыIущIэрт школакIуэхэр. Дэнэки къыIуат адыгэ макъамэ дахэхэм хьэщIэхэми бысымхэми я гукъыдэжыр нэхъри кьыззIэщIалэтэрт. НыбжьыщIэхэм а пщыхьэщхьэм кьахуеблэгъат жьлэм и зыужьныкъуэ гъэм зи гуащIэшхуэ езыхьэлIаxэм, зи Iуэху щIэкIэр щапхъэу кьалъытэу зи Iэнатlэр езыхьэкIаxэм ящыщ цIыху зыбжанэ. Апхуэдэхэт кьуажэм и нэхъыжьыфIхэу Жэмыхъуэ Щыхьырбий, Къэмбэчокъуэ Iэуес, Тэхъу Мухьэмэд, Ветеранэм я кьуажэ советым и пашэ Джатокъуэ Хьэуелэ, Къарэ Хьэужан, Тхьэзэплъ Лиуза, Хьэзот Люсэ, Езий Дахэуэс, Къэзыкъуей Римма, Жьласа Людмилэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу пшыхьым зыкърырагъэхьэлIащ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1кIэ ЗэщIэуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ Iэнатlхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я район советым и тхьэмадэ Борыкъуей Мирон, зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ Шелковников Пётр, бзылъхугъэхэм я район советым и унафэщI Хьэзот ФатIимэ.

Хьэщ1э Iьапlэхэр кьызэхуэсасхэм ирагъэщIыха нэужь, абыхэм папщIэ я гъэхьэшыгъэ и пашэ Шелковников Пётр, бзылъхугъэхэм я район советым и унафэщI Хьэзот ФатIимэ.

Пшыхьыр екIуу, кьызэхуэтыншэу иригъэкIуэкIащ кьуажэм дэт библиотекэм и унафэщI Пхъэшх Светланэ. Зэхуэсым кьрихьэлIаxэм фIыщIэ ин хуащIащ апхуэдэ гулъытэ лъагэ кьахуэзыщIа кьуажэ унафэщIхэмэ, жьлэм дэт курыт школитIми я егъэджакIуэхэмэ, еджакIуэ цIыкIуэмэ. Псом хуэмыдэу псалъэ гуапэ куэд хужаIащ кьуажэм щекIуэкI апхуэдэ зэхьыхьэхэм я нэхъыбапIэм и жэрдэмщIакIуэ икIи кьыззгъэпэщакIуэ Iэзэ Пхъэшх Светланэ. Кьыхэдгъэщынщи, зи Iэщ1агъэм хуэIэижь Светланэ щIэх-щIэхыуэр кьуажэм щыззхеиз зэхуэсэзмылIэужьыгъуэхэр, куплщIафIэкIэр. Апхуэдэхэр, псалъэм папщIэ, ди республикиэм и усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэр Къэхъун ирипсэлъэгъуэ зыхуэсщIри сыдэуэрщэращ я лэжьыгъэр зэрыщэтраублэм, адыгэбзэмкIэ езыгъаджажэр нэхъ зыгъэпIейтейуэ, е я гур хэзыгъахъуэу, зыгъэгушхуэу я пэжьыгъэм хэлъ Iуэху-гъэхэм я теухуа гупсысэхэмкIэ.

Илъэс 20 щIэхущ Нэзэр Марьянэ Дыгулыбгъуей дэт 1-нэ школым егъэджакIуэу зэрыщыIэр. И лэжьыгъэм и гугъу щищIкIэ, гу лъыбгъэ тэ Марьянэ абы зэрытемызашэр, гукъыдэжи иIэу зэрыгъэдэтIр.

- Мазэ хъэс ди лэжьыгъэм зыгуэркIэр щIэуэ кьыхохьэ, зэрытхуэзэфIэкIкIэ яужь дитщ егъэдэжныгъэ стандартыщIэхэм кьытхуагъэув кьалэнхэр дгъэзэщIэну. Апхуэдэу щытми, дз зыщыдгъэгъэупщэрыкъым блэкIа илъэсхэм егъэджакIуэ нэхъыфIу хэлъа-хэрэ. Компьютерри хьэрзынэщ, ауэ ар нэхъыбэу кьыщагъэсэбэп дерсыр нэхъыфI хъууэ кьэслъытэркъым. Ар щIэх-щIэхыуэр дерсым кьыхьхьэ хъуа нэужь, сабийм я акъылри абы теухуа, абы щыгугъ мэхъу. Абы нэхърэ тхылъыр, псалъалъэр я пащхьэ иIэ зэпытмэ - ар я гупсысэкIэм зезыгъэужьын Iэмал нэхъыфIхэм ящыщщ. Иужьрей зэманым хэлэжьыхьажу бзэмкIи литературэмкIи кьыдагъэкIа тхылъхэм арэзы дытохъуэ. Методикэ пособие кьыдэкIахэр зыIыгъэгъэхьауэ кьыдогъэсэбэп, фIыщIэ яхудощI абыхэм елэжьахэм. 5, 6, 7-нэ классхэм сыкьэт плIырыплI, адрейхэм щырыщ диIэу идогъащхэ. Ди школ унафащI ГъукIэлI Майе икъукIэ гулъытэшхуэ кьытхуещI, гъэлъэгъуэны гъэхэм, зэпеуэхэм дыхэтыну гукъыдэж тщIамэ, кьыддеIыгъ, дытрегъэгушхуэ, - жеIэ Марьянэ.

ПщIы хэмылIу, сигу ирихьащ егъэджакIуэм тхылъыр ялэ зэрыригъэщIыр. Апхуэдэмэ, иджырей технологиемкIэхэр IэкъуэльэкIуэу кьиригъэсэбэпу и дерсхэр еухуэ Марьянэ. И лэжьакIэфIым кьыпэкIуэу 2016 гъэм абы кьыхуагъэфащащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр, ЬъэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхъэ «Адыгэбзэ Хасэм» кьыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылъыр, Бахьсэн къалэ ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и ЩIыхь тхылъыр, нэгъуэщI-хэри.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм зи гумрэ зи псэмрэ хуэзIуха Нэзэр Марьянэ хуэдэхэмкIэ Тхьэм кьулей дищI! Ди гуапэщ Марьянэ и мурадыфIхэр кьехъулIэну.

ЩОДЖЭН Iэминат.

ЩIэхъуэпсыгъуэ щIэпхъаджащIэр Iуэхугъуэ гъэсэныгъэм хуэфащэ щIэныгъэ зэрыщIэтыр, ар зэрыгъэгушIуэ, ар зэрыгъэгушхуэ, ар зэрыгъэгушIуэ, ар зэрыгъэгушIуэ, ар зэрыгъэгушI

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхьэщыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№23-25, 27, 29-32, 37, 38, 42, 46, 48-50, 61-хэм итщ).

Эдипрэ Сухрабрэ я адэхэр кьалъыхьэжьыхь, щалъхуа кьалъхэмрэ щыпIэхэмрэ япэIэщIэ хьурт, апщIондэку я жагъуэгъуэхэм ахэр хьэщIэм хуэдэу ирагъэблагъэрти, езым я фейдэ зыхъ-лъымкIэ кьагъэсэбэпырт. ЭпоситIми а Iуэхугъуэр щIэтхъаурэ кьыхагъэщырыкьым, сыту жыпIэмэ, Софокл и дежкIи, Фирдоуси и дежкIи унагъуэм, пащтыхьым, лакъуэм и кьежьапIэ адэм пыщIэныгъэ хууИэныр нэхъыщхьэт, щIыхубэм е хэкум ухуэпэжькIи нэхърэ. Ауэ адэхэм лъыхъуэ Эдипи Сухрабри я къэралхэм къебийхэм Iуэху дащIэн хуей хъуащ.

31.

СИ НЫБЖЬЫР илъэс плIыщI, Айшэ щIэщIрэ ирэ щIикьум, ди щыгурыIуэу хуежьащ бын зэи дыдзэрымыэнур. НэгъуэщIу жыпIэмэ, тыкIэ дохутыркэрмэрэ нэмыцэ, американ клиникэхэмрэ кьыззэхэткIухьурэахъшэщхуэрэ зэман куэдрэ зытедгъэкIуэда Iуэхум ди гугъэр хэтхьажьи щIэддзащ. Ауэ зы ехьулIэныгъи кьыхэтхащ а Iуэхум - дызыщIэхъуэпсым дыззэрыльэмIэсам ди гур гущIыдэ дызэхуищIын дэнэ къэна, ди зэхуакъу дэлъ псэкупсэ беягьым куэдкIэ кьыхигъэхъуащ. Иджы дэ апхуэдэу куэдрэ дакIэлъыкIуэжьыгъэкъым сабий зыпIи ди ныбжьэгъухэм. Си щхьэгъуэгэр иригъэззэшат, езым и псалъэхэмкIэ жысIэнщи, «тхьэкIумэ-кIыхьым хуэдэу лъхуэрей и нэIуасэ унэгуащэхэм» Айшэ «яфIэпсэкIуэд» зэрыхъум икIи фIэфIэтхъым абыхэм яхуэзэну. ЯпэщыкIэ абы лэжьапIэ кьыпльыкуащ, Iуэху гуэрым фокъ ихьэмэ, нэхъ теуну икIи щхьэпэу кьыщыхьурти. ИужькIэ сэ тезухуащ ухуэныгъэм пыщIа уней Iуэхущ1апIэ кьызэIуэсыну. КьызэIутха ухуэныгъэ Iуэхущ1апIэм «Сухраб» фIэтщащ. Айшэ псынщIэу есащ инженерэмэн рабочэхэм я пщэрылъхэм унафэ тещIыхьынымк. Ауэ, ипэжыпIэкIэ, фирмэм и Iуэхуэхэр зезыгъакIуэр сэрат.

Мыгувэу дэ дыIэпхъуащ ныIуфэм пэгъунэгъу Гюмюшсую хьэблэм щыIэ унэ плапIэхэм ящыщ зым. ПэшитлI хъу фэтэр Iэхуитхъуитышхуэм и щхьэгъубжэхэм укъыдэплъмэ, тенджызым уэхплъэрт, ихьуреягъыр щIыпIэ хъуэпсэгъуэт. ЗэрышаГащIэу зэщIэщIагъуэ зэщхьэгъусэхэм ещхьы, дэ дуненаплъэ къэтIкIуэхьну дежьащ. Къэуфльатэм зыкьыIэту Истамбыл кьыщыщхьащIуэвам, сэ, хабзэ зэрыхуэхъуауэ, щхьэгъубжэмкIэ зысшиящ икIи къэсльэгъуащ псыкъуий кьыщытIIаУэ щыта щIы Iыхьэр зэрыщыту унэхэмрэ фабрикэхэмрэ зэрыщIагъэнар. КьызэхэкIар сытми сщIэрысым, ауэ ар апхуэдэу зэрыслъэгъуаи си гур нэхъ мамыр ищIащ.

Дуненаплъэ кьыщытIкIухьым, дэ хьэщIэщ нэхъыфI дыдэхэм дыкъыщыувыIэрт, музейхэм дыкIуэрт, дымыщIэ Iэджэ кьытщIэрт, абы кьыдэкIуэуи цIыхум щIэблэ кьыщIэгъэхъуэным елэжь дохутырхэми захуэдгъэзэрт. Апхуэдэ Iэщ1агъэлI лъэрыкъыжьи дащепсалъэкIэ, япэщIыкIэ ди гугъэр къэщIэрэщIэжырт, итIанэ нэхъеижу ди гур къутауэ дыкъыщIэкIыжырт.

Ди нэIуасэ дипломат гуэрым и фIыщIэкIэ, дэ ди насыпт кьыхьащ «Шахнаме» эпосым и пасэрей дыдэ Iэрытхэхэм ящыщ зым хуащIа миниатюрэхэм Дублин дэт Честер Битти библиотекэм дыщеплъэнну. Илъэс дэкIуэу а сурэтхэр дэ щытлъэгъуащ Фикриехьаным и чэнджэщкIэ дыздэкIуэ Британскэ музейм и тхылъхьамаIпIэ кьудамэу пасэрей кьэжэр Iэрытх тхылъхэр щаIыгъым. Музейм кьаклуэ цIыхухэм ахэр яльагъуну куэдрэ къахуихуэркъым, гъэлъэгъуапIэ дапхъэхэм зэзэмызэхэхэ фIэкIа кьызэрытрамылъхьэм кьыхэкIыу. Пасэрей кьэжэр сурэтхэхэм сыщепльым, сэ щхьэхуи-мыту зыдезгъэхьэхащ си щIалэгъуэмрэ Зи щхьэщыр дыщафэ Бзылъхугъэмрэ ятеухуэ гукъэкIыжкэм икIи абыхэм аргуэру кьызэщIагъэстыжащ си псэр зыщхъ гурыгъуэхэр.

Библиотекэм щыIажьэ Iэщ1агъэлIхэу егъэлеяуэ кьыгъуэсакъэм, уэрэдгъэ Гъуэжьыбэм кьигъэнэху пэшхэм, лэжьакIуэхэм яIэрыгъ Iэлъэ хужь цIыкIуэм пльэмыкIыу урагъэгупсысырт а Iэрытх напэкIуэцIхэм щытлъагъупсоригьыкIуэ Iэрытхэм зэрыщытымрэ зэрыкIуэдыгъуэфIэмрэ. Зыкъэзэумысыжыщи, дэр-дэру муэйхэм дыщыкIуэкIэ, дэ куэдращ кьыдгурыIуэрэтэкъым исльам диным хьэдунэхуа сурэтщIыкIэмк, «Шахнаме» эпосым кьызэщIуибыдэ тепльэгъуэхэм тращыкIахэмк, Кьуэжьыпlэмрэ Кьухьэпlэмрэ щыIэ щэнхабзэхэм я зэхущытыкIэхэми ятеуауэ. Ауэ а Iэрытх тхылъхэм дыщэ Iуданэ псыгуабзэкIэ хаухуэнами ярей миниатюрэхэм гурыIуэгъуафIэ кьытщащIырт гъащIэр напIэIэтыгъуэ хуэдизэ фIэкIа зэрырмыхъур, блэкIам кьызэрыпхъуэмыгъэнэзэнур, пкъыгъуэ хэчыхьаэр дигу ирдыдзмэз, псэунытъэм и мыхьэнэри тхыдэм и гущIэрэ кьыщIыгурыIуауэ дызэригугъэжьыр щхьэгъэпцIэж кьудейуэ зэрыщытыр. Музей библиотекэхэм я зекIуапIэ кIыфIхэр кьэдбгынэрэ, Айшэрэ сэрэ европей кьалхэм я уэрам бгъуфIэхэм дыкъыщытекъэжкIэ, зыхэтщIэрт ди нэгу щIэкIа сурэт тепльэгъуэхэм я фIыщIэкIэ дыкъэзыухъуреихь псоми нэхъ набдзэгубдзапIпъ даэзрыхуэхъуар.

Си щIыфэр игъэтхытхыу кьыспкърыхьахэм ящыщт Репин Илья и Iэдакъэ кьыщIэкIа суратыр, Грозный Иван иукIыжа и кьэпсалъэ Iэщ1эпъуу зэрытыр. Теньджэ тщыхъуа а суратэр Айшэрэ сэрэ щытлъэгъуащ Москва Третьяковскэ галереем. Иван, Рустам ещхьу, и кьуэр зыIэщIиубыдауэ иIыгът. Пасэрей кьэжэр эпосым кьыхэщыжьр Рустамрэ Сухрабрэ я кьыбарым кьытращIыкIа миниатюрэхэм я фIыпIэр зыщIэзыфа а суратэр Ренессанс лъэхъэнэм иужькIэ кьэунэхуа кьэжэр суратыщI гуэрым и лэжьыгъэ хуэдизу кьыпфIэщIынт. Адэ-пащтыхьым зрекъуэзылIэ лъыпсыр кьызыпльж и кьуэм и хьэдэр, псэ зыIуМытыжь пащтыхьыкуэр и адэм Iэщ1эпъуу, абы ищIа унафэм зыдигъэшащIыкIэу, адэм и нэгум кьощ ар егъэлеяуэ зэрыгужьеямрэ кьыщIощIащIам зэрыкуущIегъуэжьымрэ. Абы кьыпкърыкI гурыщIэхэм я лъэщагъым, теплъэгъуэр кьызэрыгуэкIыу икIи купщIафIэу кьызэрыгъэлъэгъуэм сэ зыхьэигъэщIащ кьэралыгъуэм и кьару гуащIэр.

Моро Гюстав и музейуэ Париж дэтым сэ щысIэгъуащ «Эдипрэ Сфинксрэ» суратыр. А теплъэгъуэмкIэ суратыщIым ди пащхьэ кьрилъхьэр Эдип и гуэныхьэрэкъым, атIэ абы и текIуэныгъэщ. А суратым кьытращIыкIыжа гуэркэр дэ Нью-Йорк дэт Метрополитен музейми щытлъэгъуат. А музейм, зи гугъу сщIы суратыр щагъэлъагъуэ къат дыдэм тетщ исльамым кьыдэнэхуа IуэразджэмкIэ и хуэдамэр, «Шахнаме» эпосым хуащIа миниатюрэхэр щагъэльагъуэу. Кьудамэм кьыльыс пэшхэр зэрыкIыфIыфэмрэ цIыху куэд зэрыщIыземыкIуэмрэ иджыри и зы щIыхьэтт дэ дызылъыхъуакIуэ Iуэхугъуэр куэд щIауэ Iэщ1ыб зэрыхъуам.

Итальян режиссёр цIэрыIуэ Пазолини Паоло и фильмхэр щагъэльагъэ тхъэмахуэр Истамбыл щекIуэкIыу, Айшэрэ сэрэ деплъащ абы игъэува «Пащтыхь Эдип» фильмым. Кинор фIыуэ зыльагъу истамбылдэсхэр хуэфIу зыщIэс, Италым щэнхабзэмкIэ унэм и гъэльэгъуапIэм цIыху щыбзэжу умыщIэну дауущIыншэу цысащ фильмыр ирухыу. Ар Пазолини Мароккэ щытрихат, щIыпIэм щыIэ теплъэгъуэ плъыфэбзэхэр куэду кьигъэсэбэпурэ.

- Иджыри зэ селпIыну сыхуейт а фильм плъыжьым, - жесIащ сэ Айшэ, Мароккэ и пшьхьэщIапIэ щыIам, мывэ плъыжьым кьыхэщIыкIа пасэрей быдапIэ гуэррэ фильмым кьызэрыхэщым щхьэкIэ «плъыжь» фIэсщри. - DVD-м тету дымыгъуэтыну пIэрэ, унэм дыщеплIыжьынт.

- Уеблэмэ Эдип и анэу джэгуа актрисэ Мангано Сельвина и щхьэцэри плъыжьыфэт, - жиIащ си щхьэгъусэм...

ЗэзыдзэкIар **КЪЫП (НЫБЭЖЬ) Таисэщ.** *(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

Истамбыл и зы хьэблэ.

«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0 Владивосток. «Динамо» стадион. Мэлыжьыхьым и 8-м. ЦIыху 900 еплъащ.

Судьяхэр: Сиденков (Санкт-Петербург), Акимкин (Пермь), Соломонов (Чита).

«Луч-Энергия»: Гаврилов, Попов, Гриденко, Коломыц (Носов, 46), Пискунов, Насадюк, Гриднев, Минич (Михалёв, 62), Килин, Пономаренко, Столбовой (Гордиенко, 85).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов, Соблир, Дашаев, Марченко, Крамаренко (Войнов, 70), Мухьэмэд, Багъэтыр, Дроздов (Семёнов, 76), Каркаев, Ахъядов (Бойчук, 87).

Дагъуэ къыхуащIащ: Коломыц, Мухьэммэд, Соблырым.

КЪУЭКIЫПIЭ Жыжьэм щрагъэкIуэкI зэIущIэхэр япэ дивизионым хэт дэтхэнэ зы командэм кьохьэлъэкI. Сыхьэтрэ ныкъуэкIэ дэжгупIэ губгъуэм итын папщIэ абыхэм километр мин бжыгъэхэр къызэпачын хуей мэхъу, мылъкушхуэ трагъэкIуадэу. А Iуэхугъуэм псори егъэпIейтей, унафэ тезыщIыхьын хуейхэм къищынэмыщIауэ: куэд зэIубз ищIынут, псалъэм папщIэ, Бразилием хуэдэу, зыхуибыдэ щынальэм пэщIэдзэ зэпеуэхэр щраджьжьыр сыхьэтибл хъуауэ арат. Удэ щIагъуэ иджыри кьызэрымыкIа джагупIэ губгъуэм, апхуэдэу щыгъуэ пэтми, лъэныкъуэхэр ерыщу щызэпсэщIуэщ. Дауи, хэгъэрейхэр япэщIыкIэ нэхъ жьджэрт: мыпхуэдэ щытыкIэр ахэр зэсэжа Iуэхугъуэт.

Дакъикъэ зыбжанэ дэкIуэ арат «Луч-Энергия»-м бжыгъэр кьызэIуихыну Iэмал гъуэзэджэ кьыщыкъуэкIам. Хьэщ1эхэм я насыпти, Пискуновыр зэуэ ящIэхэм кьарикIуа бжыгъэхэм: **«Тамбов»** (Тамбов) **«Мордовия»** (Саранск) - - **«Балтика»** (Калининград) - **0:1**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **2:3**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Тюмень»** (Тюмень) - **1:2**, **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **0:0**, **«Сокол»** (Саратов) - **«Кубань»** (Краснодар) - **0:0**, **«Химки»** (Химки) - **«Енисей»** (Красноярск) - **2:2**, **«Тосно»** (Ленинград область) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **4:1**, **«Мордовия»** (Саранск) - **«Шинник»** (Ярославль) - **1:0**, **«Факел»** (Воронеж) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **3:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Пщэдей, щыпсалъэм и 12-м, абы къригъэблэгъэнущ Мэзкуу и «Спартак-2» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Динамо»**	30	20	8	2	52-22	68
2.	**«Тосно»**	30	17	9	4	52-23	60
3.	**«Факел»**	30	12	10	8	32-28	46
4.	**«СКА-Хабаровск»**	30	12	10	8	36-28	46
5.	«Шинник»	30	12	9	9	33-27	45
6.	«Спартак-2»	30	12	9	9	44-34	45
7.	«Енисей»	30	12	6	12	36-34	42
8.	«Тюмень»	30	10	11	9	35-33	41
9.	«Кубань»	30	9	13	8	32-30	40
10.	«Тамбов»	30	10	9	10	26-27	39
11.	«Химки»	29	9	12	8	31-34	39
12.	«Луч-Энергия»	30	9	10	11	22-30	37
13.	«Волгарь»	30	9	7	14	31-40	34
14.	**«Спартак-Налшык»**	30	7	13	10	22-27	34
15.	«Зенит-2»	30	7	13	10	32-38	34
16.	**«Мордовия»**	30	9	6	15	28-38	33
17.	**«Сибирь»**	30	7	12	11	23-33	33
18.	**«Сокол»**	29	5	15	9	28-39	30
19.	**«Балтика»**	30	5	7	18	19-31	28
20.	**«Нефтехимик»**	30	5	7	18	23-41	22

КъуэкIыпIэ Жыжьэм Iыхьэншэ щыхъуакъым

● Футбол

● Гъуэзджэ

Уэрэд жыIэным къыхуигъэщIа

Мы тхыгъэр зытеухуа Тlэхьир. Заремэ уэрэд жыIэным зэфIэкI инэр щIэщ икIи абы къызэрыхуигъэщIам шэч хэлъкъым. Ар ди республикэми Урысейми къыщацIыхуащ. Макъамэм дихьэхха абы и макъ дахэм зыIэпэшэ.

ИСЛЪЭМЭЙ кьуажэм дэт курыт еджапIэ №1-р екъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, макъамэмрэ уэрэд жыIэнымрэ пасэу дахьэха хъыджэбз тхьэIухудыр КъБКъУ-м и филологие факультетымрэ Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэхэмкIэ и кьэралинститутым уэрэд жыIэнымкIэ и факультетымрэ щIэтIысхьащ. Ар макъамэм хуезыгъаджэ Кьетыкъуэ Iэминат сыт щIыгъуи и фIэщ хъурт и гъэсэн пщащэм зэгуэр и зэфIэкIыр кьызэрыпхъэнур.

ЖиIэ кьудей мыхъуу, Заремэ уэрэд зыбжанэм я псалъэхэр итхащ. Бахъсэн районым, республикэм щекIуэкI зэпеуэхэм пашэ зэрыщыхьуар, кьызэрыщыхэжаныкIар, щэнхабзэ, гъуэзджэ зэхьыхьэхэр, концертхэр игъэдахэу зэрыхэтар кьалъытэри, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр кьыхугъэфэщащ.

ЗэрыщыкIурэ дзэныхъ Iэщ1агъэр Заремэ зэрызригъэгъуэтамкIэ фIыщIэ зыбгъэдэлъыр и адэ Русланрэ и анэ Светланэрэщ. Адэм сыт щыгъуи и хъуэпсапIэт ипхъу гъэфIэныр уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэ хьуауэ илъагъуныр. Заремэ зэпымыууэ тетщ сыткIи щапхъэу иIа и адэм кьрита чэнджэщ пэжхэм. Абы и фIэщ мэхъу, ухущIэкъуэмэ, сыт хуэдэ Iуэхуми ехъулIэныгъэ зэрыщыщIэрыбгъэхьэфынур.

Си щхьэкIэ Тlэхьир Заремэ седэIуэну сфIэфI дыдэщ. Гум дыхьэ абы и уэрэдхэм уи гукъыдэжьым хагъахъуэ, дэрэжэгъуэ ин кьуат.

ЩЭРДАН Хьэсэнбий.

● Налшык

Тхылъхэм щIэупщIэ яIэщ

Налшык и библиотекэ зэгъэуIуахэм я унафэщI Мэшыкъуэ Людмилэ дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, библиотекэхэм я гъэтIылъыгъэм бюджет ахъшэкIэ кьащэхуауэ нэгъабэ тхылъыщIэу кьаехъхуар 90 кьудейщ.

АР МАЩIЭЩ, тхылъ еджэхэм я бжыгъэм нэрылъагъуу кьызэрыкъхуэжыр кьэтIылъэмэ. Ауэ кьыхэгъэщIипхъэщ тхылъ хъуманIэхэм кьалэдэсхэр кьаэрыдэIэпыкъур. Абыхэм библиотекэм кьрат художественнэ, щIэныгъэ-хэзыгъэгъуазэ тхылъхэр, зэрыдгъэдажэ методикэхэр, нэгъуэщIхэри.

Налшык кьалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Улбашев Исльам кьызэрилытэмкIэ, кьалэ библиотекэхэм ахуэзэфIэкIымкIэ ядэIэпыкъунущ, арщхьакIэ езыхэри мыбэлэрыгъуэ елэжьын хуейщ щIалэгъуалэр тхылъ еджэным дегъэзыжьным теухуа Iэхущ1эхэр, жэрдэм гъэщIэгъуэнхэр кьакъуэкIыным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Мэлыжьыхь мазэм фызыIущIэфынухэр

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым иIэщ цIыхухэм щаухуэзэ егъэблэгъапIэ.

Жылагъуэ советым хэтхэр полицэм и къудамэ №1-м, Налшык къалэ, Нэгумэм и уэрам, 47 хэщIапIэм гъубж кьэс сыхьэти 10-м щыщIыдзауэ сыхьэт 14 пщIондэ цIыхухэм щахуозэ. НэхьапэкIэ зебгъэтх хъунущ 49-41-38 телефонымкIэ.

Мэлыжьыхьым и 11-м - Жылагъуэ советым и секретарь Тхьэщыгугъ Эллэ, Додуев Аскэр;

Мэлыжьыхьым и 18-м - Хьэмырзэ Хьэзрэталий, Сидорук Павел;

Мэлыжьыхьым и 25-м - Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Атабиев Алий, Сунщ Заудин.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжьмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемк - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суратхэм - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и теплъэгъуэ ящIащ* **Доп Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *суратхэм елажьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №430